

ÈSKE OU TE RESEVWA ALOKASYON CHOMAJ OUBYEN AVANTAJ P.U.A. AN 2020 OSWA 2021 ?

Tout moun dwe gade si yo gen dèt pou "peman anplis".

Gen nouvo règ ki ka ànile dèt ou !

KOUMAN POU GADE SI OU GEN DÈT:

- Siyen nan kont anliy ou, epi ale nan bwat resepsyon oswa seksyon pou Lèt la. Gade si ou gen dèt pou "peman anplis".
- Si ou deja fè aplikasyon pou yon renonsman, gade si genyen yon Notifikasyon Akseptasyon ("Notice of Approval") oubyen yon Notifikasyon pou Desizyon sou Renonsman Peman Anplis ("Notice of Overpayment Waiver Determination").
- Èske ou Bezwen Asistans ? Rele Depatman pou Chomaj la (Dept. of Unemployment) nan nimewo 1-877-626-6800

SI YO REFIZE RENONSMAN OU MANDE A :

1. Mande yon Apèl
2. Voyer yon nouvo demann renonsman

POU ÀNILE DÈT OU, FÈ APLIKASYON POU YON RENONSMAN :

Chomaj Regilye :

- Siyen pou konnekte sou kont ou
- klike sou lyen "simplified waiver" (renonsman senplifye) ki nan banyè paj akèy ou a (jouk anwo).

Peman avantaj PUA :

- Siyen pou konnekte sou kont ou
- ale nan onglè "More..." (Plis...) la.
- Chwazi "Apply for an Overpayment Waiver" (Aplikasyon pou yon Renonsman sou Peman Anplis).

Kouman pou Ànile Dèt sou "Peman Anplis" DUA ou nan Massachusetts

Ou ka kalifye pou fè ànile dèt ou sou peman anplis DUA.

DUA chanje règ sou peman anplis yo. Kounye a, gen plizyè moun ki fè reklamasyon pou yon "renonsman" epi ki jwenn li :

- pou **ànile** tout oswa yon moso nan dèt sou "peman anplis" yo, epi yo
- **remèt yo lajan** yo deja peye sou peman anplis la.

Fè aplikasyon pou yon renonsman si dèt sou peman anplis ou se pou chomaj *regilye* (UI) oswa pou chomaj poutèt *pandemi* (PUA) nan Massachusetts pandan lane 2020 oswa 2021.

Pou fè Aplikasyon

Pou aplikasyon ki nouvo, ki refize, oubyen ki pako *deside* (Si ou resevwa peman UI **regilye**)

- ① Konnekte sou kont anliy DUA ou.
- ② Chèche si gen yon notifikasyon DUA sou paj akèy ou, ki di ou kalifye pou yon *renonsman senplifye*.
- ③ Klike sou lyen pou Renonsman Senplifye a (*Simplified Waiver*).

(Si ou resevwa peman **PUA**)

- ① Klike sou onglè *More...* la.
- ② Klike sou *Apply for an Overpayment Waiver* (Aplikasyon pou yon Renonsman sou Peman Anplis).

Si ou *deja* fè aplikasyon pou renonsman an :

(Si ou resevwa peman UI **regilye**)

- Chèche si nan bwat resepsyon anliy UL ou, gen yon notifikasyon akseptasyon {"Notice of Approval"} pou aplikasyon pou renonsman ou fè a.

(Si ou resevwa peman **PUA**)

- Klike sou *Letters* (Lèt ou resevwa).
- Gade si genyen yon notifikasyon akseptasyon (*Notice of Approval*).

Sa a se pa konsèy legal. Se enfòmasyon jeneral ki soti nan Greater Boston Legal Services (Sèvis Avoka pou Tout Rejyon Boston) 12 m3 2022.

Èske ou gen kesyon ?
Èske ou gen pwoblèm pou Konnekte ?
Èske ou bezwen sèvis nan lòt lang ?
Rele DUA: **877-626-6800**

Si ou **pa** resevwa yon notifikasyon ki di ou kalifye pou yon renonsman senplifye...

Ou ka toujou fè aplikasyon pou renonsman an anliy oswa nan telefòn.

Anliy : Konnekte sou kont anliy DUA ou.

- ① Klike sou *Manage Debt* (Ògànize Dèt ou)
- ② Klike sou *Request Debt Waiver* (*Mande pou Renonsman Dèt*)
- ③ Reponn tout kesyon DUA yo.

Telefòn : Rele nan nimewo 877-626-6800

- ① Mande pou fè aplikasyon nan telefòn pou yon renonsman sou Peman Anplis.
- ② Si ou pa pale angle byen, mande DUA pou yon entèprèt.
- ③ Reponn tout kesyon DUA yo.

Si peman anplis la te pou yon avantaj *pandemi* PUA

- Klike sou onglè *More...* la.
- ② Klike sou *Apply for an Overpayment Waiver* (Aplikasyon pou yon Renonsman sou Peman Anplis).
- ③ Reponn tout kesyon DUA yo.

Si ou *deja* fè aplikasyon pou renonsman PUA a :

- Gade nan bwat resepsyon kont anliy ou. Klike sou onglè *More...* la.
- Klike sou *Letters* (Lèt ou resevwa).
- Gade si genyen yon Notifikasyon pou Desizyon sou Renonsman Peman Anplis la (*Notice of Overpayment Waiver Determination*).

Si ou *deja* peye DUA pou peman anplis la, epi ou kalifye pou yon renonsman senplifye...

DUA ka remèt ou lajan ou peye a. Si ou te peye avèk yon *transfè dirèk*, DUA ap depoze lajan li remèt ou a nan kont labank ou.

Si ou te peye avèk yon *kat debi*, DUA *pa kapab* remèt lajan an nan kat debi a. Ou kapab :

- ① Konnekte sou kont anliy DUA ou.
- ② Chanje metòd peman an pou fè li tounen *transfè dirèk*, **oswa**
- ③ Konfime oswa korije adrès potal ou, pou DUA voye yon chèk ba ou.

E si renonsman senplifye a pa **ànile** tout dèt la ?

Gen kèk ka kote DUA ap renonse sèlman yon moso nan peman li te bay anplis la. Si sa rive ou, ou toujou ka fè yon aplikasyon pou renonsman *regilye* nan kont UI oswa PUA ou, oubyen rele DUA.

Kouman DUA pran desizyon sou aplikasyon pou renonsman ?

Si ou pa kalifye pou yon renonsman senplifye, DUA *kapab aksepte* renonse pou ou, si :

- Depans ou gen pou fè kounye a depase kantite lajan ou touche kounye a.
- Ou sèvi avèk alokasyon chomaj ou pou peye pou oto ou, oswa lajan ou dwe sou kat kredi ou, oswa lòt depans ki pa òdinè.
- Ou renonse avantaj sosyal ou, oswa kupon alimentè, oswa lòt dwa enpòtan ou te genyen, lè DUA aksepte peye ou alokasyon chomaj.

E si DUA refize aplikasyon pou renonsman mwen an ?

Ou ka mande yon apèl oubyen fè aplikasyon ankò.